



**Timoun ou an
aprann nan
eksplòre ak nan fè
dekouvèt avèk ou.**

Li gen senk aspè ki enpòtan pou bonjan devlopman timoun ou an. Chache plis eksperyans sou aprantisaj ki pou sipòte timoun ou an nan paj ki vin apre yo nan **Massachusetts Early Learning Guidelines for Infants and Toddlers (Gid sa yo disponib sèlman nan lang anglè ak panyòl)**, yo ka telechaje yo nan sit entènèt Edikasyon ak Swen Bonè (Early Education and Care) a: www.mass.gov/eec

Jenn Timoun (12 a 33 mwa) →
Timoun Piti
(kòmanse depi nan nesans pou rive sou 15 mwa)

1	Devlopman Sosyo-Emosyonèl	p. 31	p. 101
2	Devlopman Langaj ak Kominikasyon	p.47	p. 120
3	Devlopman Entèlektyèl (bwochi sa a)	p. 65	p. 144
4	Sante ak Byennèt Fizik	p. 80	p. 153
5	Apwòch a Aprantisaj	p. 83	p. 163



**MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care**

Sherri Killins, Ed.D., Komisè

Se Davis Publications, Worcester, MA ki prepare travay sa a.



Konsiltan Early Education (entèvansyon Bonè) yo:
Susan Etheredge, Ed.D., Profèsè ak Chèmàn Edikasyon ak Etid pou Timoun, Smith College, Northampton, MA
Cathy Weisman Topal, M.A.T. Pwofèsè Etid Vizyèl, Konferansye ak Pwofèsè Atistik ak nan Estidyo, Smith College, Northampton, MA

Se Melissa Iwai ki fè ilistrasyon yo

© 2011 Massachusetts Department of Early Education and Care
Haitian Creole

**Panse
avèk mwenn!**



**Timoun ou an
se yon gran
pansè.**

**Se pou
w kirye
konsènan
mond la
avèk timoun
ou an...**

Ou poze fondman devlopman sèvo ak aprantisaj pandan premye 3 zan nan lavi timoun ou an.

Bagay Ou Ka Fè Ak Bebe W la

Aktivite pou devlopman Entèlektyèl

Ranfòse

Remake mouvman natirèl bebe w la; ranfòse yo avèk yon bi. **Ou te wè minou an!**



Fè Dekouvèt

Bay bebe w la eksperyans sansoryèl. Pale byen fò konsènan dekouvèt bebe w la fè. **Kisa w te jwenn? Èske l swa oswa l graj?**



Eksprime

Ankouraje l fè eksperyans ak objè kouran yo. **W ap fè mizik!**



Fè l sonje

Di sa nou sonje yo byen fò avèk bebe w la pou devlope talan pou l memorize. **Li lè pou yon ti dòmi. An nou chante chan dòmi nou an.**



Vin konnen

Ede bebe w la vin konnen fanmi l ak lòt moun nan kominote a. **Se grann ou. Li mete linèt pou ede l wè.**

Bagay Ou Ka Fè Ak Jenn Timoun ou an

Aktivite pou devlopman Entèlektyèl


Fè l sonje

Ede timoun an devlope plis memwa evenman k te pase ak sa l te konnen. **Ou chwazi liv prefere nou an konsènan yon ipopotam. Ki son yon ipo fè?**



Fè prediksyon

Bay jenn timoun an opòtinite pou l pratike e obsève koz ak efè. **Kilès ki woule pi vit? An nou eseye yo chak.**



Chache konnen


Eksplòre ak fè dekouvèt avèk timoun ou an pou l devlope talan syantifik bonè yo.

An nou chita la a pou nou obsève sa founi yo ap fè.



Rezoud-pwoblèm

Ede timoun ou an devlope talan pou l rezoud pwoblèm nan kreye epi egzekite yon plan. **Lapli ap tonbe deyò a. Kisa nou ka fè anndan an?**



òganize

Ankouraje jenn timoun ou an pou l matche, triye, klase, epi kreye modèl senp avèk materyèl kouran yo. **An nou sanble tout bagay won nou ka jwenn.**



Antisipe

Etabli prensip ak woutin ki konsistan. **Nou ka manje fig mi an apre nou peye pou manje nou an.**